

Edikasyon timoun ak kalite gadri: Kisa li ye e poukisa li enpòtan

Eleman kle nan kalite gadri:

Paran kap chwazi gadri fè fas ak anpil kesyon ak konsiderasyon. Konsiderasyon pratik tankou pri, lokasyon ak lè, se priorite ki pi souvan pou paran yo. Enben, kijan kalite jwe yon wòl? Nou konnen pa eksperyans nou ki kalite gadri ki bon pou timoun, men, kisa kalite vle di? Kijan nou ka fè konnen si yon sant ap bay swen ak bon kalite? Pou anpil paran, yon sant ki nèt, ki pentire ak koule ki briyan e ki gen anpil jwèt sanble indikè kalite. Pou yon lòt paran, yon meveye, sansib moun ki bay swen vle di kalite, san yo pa gade sou aparans kote ya. Pou yon lòt group paran, yon gadri ak kalite pou yo se yon kote ke yo menm ak tout pitit yo a santi yo konfotab e an sekirite.

Menm si genyen diferan tip gadri, gen de prensip komen ki egziste ki ka esansyel a Pou pèmet ou idantifye yon program de kalite.

Pratik devlopman mantal ki apropriye

Espesyalis nan edikasyon anfan ten dakò ke pwogram yo dwe apropriye ak laj timoun nan paske timoun gen diferans nan matirite endividyèl yo ak abilite pou aprann. Aktivite devlopman mantal ki apropriye se sa yo ki respekte individyalite chak timoun, epi sa yo ki we aprann ak jwe kom yon machaswiv ke yo fokus sou yon rezilta final.

Pou ede pwofesè ak moun k'ap fè polisi, asosyasyon nasyonal pou edikasyon jen timoun (NAEYC) nan pibliye guid pou pratik ki apropriye ak sayo ki pa apropriye tou. Paran kap mande sant gadri yo a si yo gen piblikasyon sa a, oubyen yo ka mande yon kopi pou li e revize.

Anplis, pwogram yo ka aplike pou yo vinn akredite asosiyasyon nasyonal pou edikasyon jèn timoun yo. Pwoses akredidasyon an se yon jan valab pou sant yo revize pwop nivo kalite yo, yon jan pou resevwa asistans teknik nan men espè (NAEYC) yo, epi yon jan pou endike a paran yo ke yo dwe bay piwo nivo kalite gadri. Paran yo ankouraje pou yo mande pwogram gadri yo si yo pouswiv ak akredisyon (NAEYC).

Aktivite ki inisye a timoun

Timoun fèt ak yon dezi natirel pou yo aprann ak eksplòre. Poutèt kiryozi natirel sa ke yo genyen an, yo apwoche aprann ak antouzyasm e eksitasyon. Rechèch demontre ke lè pwofesè bay yon timoun dwa pou inisye pwop aktivite'l, timoun nan pi byen devlope konsatrasyon ak pesistans ak yon travay. Sa yo enpontan pou abilite eskole ak pèfomans ke yap fè pi ta nan vi yo.

Chak jen timoun se yon eksploratè kap dekouvri mond lan epi konstri konsepsyon sou ki jan ke li travay. Dekouvèt mande patisipasyon aktif, eksperimantasyon, echèk, pesistans, ak siksè. Pwosesus kreativite sa a se yon wèch-anbye aprann ak fondamantal ak abilite jenn timoun nan bezwen pou li reyisi nan ane lekòl kap vinn deye yo.

Pwofesè ki bay direksyon fleksib

Lè timoun ap eksplòre e le yap kontwui pwòp konesans yo, lòt granmoun ak lòt timoun yo enpòtan manm nan vwayaj la. Wòl pwofesè a se pou sipote fason timoun nan aprann lè li bay yon anvironman ki ankouraje, lèli evalye nivo konèsans timoun nan padan ke l'ap ankouraje'l pou li fe eksperyans e pou li eksplòre epi fe sijesyon altenatif. NAEYC dekri wòl pwofesè ya kom yon sipò, yon guid e on fasilite ki opoze a yon imaj tradisyonel pou transmisyon konesans. Pwofesè ak antrenman fomel nan edikasyon anfanntan bay yon anvironman de meyè kalite e ki guide a pi bon siksè nan aktivite lekòl nan lane ki pou vini yo.

Montaj ki adaptif kiltirelman

Aprann baze sou eksperyans ak konesans pase, espesyalman pou jenn timoun, lakay se sous maj itantite ak konprann. Pou rezon sila, li esansyel ke program edikasyon anfanntan konprann e konstwui base sou eksperyans pase.

Konstriksyon sosyolizasyon ak amoupwop

Timoun aprann sou lòt timoun parey yo ak granmoun. Se pou rezon sa a bon pwogram anfanntan konstwui relasyon efektif ant timoun ak timoun, pandan ke yo montre ke yo ap koopere, separe, epi rezoud konfli ak mo pa ak fos. Pwogram ak gran siksè ede timoun nan konstwui amoupwop li, pandan key o bay timoun nan dwa pou yo fè pwop desizyon ak chwa yo pandan ke yap grandi nan konpetans.

Patisipasyon fanmi, kominote ak volontè

Patisipasyon fanmi esansyel nan pwogram anfantie paske fanmi se premye enfliyans nan devlopman jen timoun. Pwogram gadri de kalite fè plan pou kominikasyon fanmi ak pwogram edikasyon pandan ke yap ankouraje paran pou vizite oubyen fe volontè.

Rechèch sou kalite.

“Lavi ki chanje” se yon rechèch ki fèt an 1987 ki pale sou edikasyon kindergarten, e ki dokimante impak pozitif de pwogram anfantin nan kalite ki wo epi li jwenn diferans dramatic nan tem sikse lekòl, istwa travay, ak itilizasyon pwogram welfe sosyal ki redwui. Analiz yo de pri ak benefis swen de wo kalite regle benefis yo a set fwa pri ya.

“The 1989 National Child Care Staffing Study” se yon rechèch sou sant child care nan sink vil nan Amerik, jwenn peman staf kap travay pi gwo enpotan predikite nan sant child care ak kalite. Nan rechèch la, yon ekip rechèché obzeve klas kindergarten ak klas timoun ki poko rantre lekòl nan 227 sant. Recherché kalifye kalite swen nan anpil sant toleran. Yo repote ke pi bon sant yo te genyen:

- piwo peman pou staff yo
- pi bon environman pou granmoun travay
- ba inkom pou staff ki pwofese yo
- pi bon staff ki byen edike e ki antrene
- pi plis pwofese kap pran swen mwens timoun

Sa yo se se jis kek ide ki kontribiye a yon sant child care ak kalite. Paran dwe konnen ke pwoses lisans ak rejistrasyon ke eta yo a mande pa asire kalite ki wo. Lisans indike ke pwogram nan kontre ak standard ki ba nan sekirite, sipevizyon e pwopte. Se paran yo ki responsab pou evalye mezi de kalite pwogram nan.

Le wap panes a kalite, kwe nan instink ou. Eske ou santi pwogram nan se yon joye e prodiktif imaj pou pitit ou? Eske pitit ou kontan kote li ye a? eske pwofese yo sanble motive? Eske ou santi'w konfotab?

Pou plis ed, mande resous child care nan local ou a ak ajans referral la yon lis de check ou ka itilize le wap vizite pwogram child care yo, oubyen pou infomasyon adisyonel sou kouman pou'w selekte child care.

Child care resource center inc
Parent services 617-5472982 or 1-800-582-815
E-mail:services@ccrinc.org
<http://www.ccrinc.org>

user name/password:child123